

ASIRANS SANTE

# HIICAP

PWOGRAM POU BAY ENFÒMASYON, KONSÈY AK ASISTANS

Pou jwenn sèvis HIICAP, kontakte biwo (oswa depatman zòn ou) pou granmoun aje yo.

- ▶ pran randevou pou yon reyinyon avèk yon konseye
- ▶ mande piblikasyon sou sijè espesyal yo
- ▶ poze kesyon sou reyinyon edikasyonèl
- ▶ gwoup diskite sou pwoblèm ki espesifik pou sitwayen Eta New York

Rele Liy Dirèk HIICAP zòn ou nan

1-800-701-0501

(y ap mande ou pou antre kòd postal ou) oswa ale sou Entènèt nan sitwèb

[www.aging.ny.gov](http://www.aging.ny.gov)

Pou jwenn enfòmasyon jeneral, rele:

1-800-Medicare

(1-800-633-4227)

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou Medicare, konekte nan Entènèt sou sitwèb [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov)

Ou kapab kontakte Biwo zòn ou pou Granmoun Aje depi ou rele nimewo ki anba la a. Pou jwenn èd avèk sèvis tradiksyon, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a, rele Liy Dirèk Sèvis Granmoun Aje Eta New York 1-800-342-9871.

ah7/12

ASIRANS SANTE

# HIICAP

PWOGRAM POU BAY ENFÒMASYON, KONSÈY AK ASISTANS




Èske ou konnen ou se pati yon adaptasyon pafè?

Èske w gen kesyon sou asirans sante?



HIICAP gen repons yo.



Andrew M. Cuomo  
Gouvènè  
Greg Olsen  
Direktè Pwovizwa

HIICAP se yon pwogram ki nan Centers for Medicare & Medicaid Services (CMS). Se gouvènman federal ki finanse li. HIICAP resevwa finansman tou nan Eta New York avèk Biwo Eta New York pou Granmoun Aje.

HIICAP ba ou ak manm fanmi ou enfòmasyon ak konsèy sou Medicare ak sou lòt asirans sante. Anplwaye ak volontè ki fòme ap reponn kesyon ou yo.

Sèvis HIICAP bay yo se sèvis ki gratis ak san paspouki.

Ou senpleman bezwen rele nan telefòn pou jwenn repons pou kesyon ou yo!

Gade paj dèyè tiliv sa a pou jwenn enfòmasyon pou pran kontak.



### ***HIICAP kapab ede ou:***

- ▶ konprann avantaj medikaman sou preskripsyon Medicare (Pati D) ak fason pou chwazi pi bon plan an
- ▶ konprann pwogram sibvansyon pou moun ki pa touche ase revni, tankou “Èd Sipleman” ak Pwogram Ekonomi Lajan nan Medicare (MSP)
- ▶ jwenn fason pou peye pou medikaman ou yo oswa pou ekipman medikal ou
- ▶ konprann pwogram Pwoteksyon Asirans pou Pwodui Famasi pou Granmoun Aje (EPIC)
- ▶ chwazi ant plan orijinal Medicare ak plan Medicare Advantage ansanm ak Òganizasyon Antretyen Sante (HMO), Òganizasyon Founisè Prefere (PPO), Private Fee for Service (PFFS), ak Plan pou Bezwen Espesyal
- ▶ konprann règ Medicare ak bòdwo medikal yo
- ▶ rapòte fwod ak abi posib nan Medicare
- ▶ bay enfòmasyon sou fason pou konteste yon desizyon Medicare, founisè swen sante kontwole ou oswa lòt konpayi asirans sante pran
- ▶ dekouvri fason pou jwenn sèvis nan peryòd sispansyon Medicare
- ▶ fè yon reklamasyon asirans epi travay sou dokiman yo
- ▶ aprann kijan pou fè vizit pou prekosyon ak vizit pou tè depistaj ki kenbe ou an sante oswa ki ede ou jwenn pwoblèm sante
- ▶ analize sèvis Swen Alontèm tankou fason pou peye pou swen nan mezon retrèt oswa fason pou konprann asirans sante alontèm

ASIRANS SANTE

**HIICAP**

PWOGRAM POU BAY ENFÒMASYON, KONSÈY AK ASISTANS